दिन—गुरूवार | दिनांक—09.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः—05 मिनट

---

जदयू केर राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि राज्यसभा सदस्यक रूप मे शपथ लेताह। श्री कुमार शपथ ग्रहणक लेल दिल्ली पहुंच गेल छथि। पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा जनौलनि जे मुख्यमंत्री तेरह अप्रैल कँ पटना औताह। तकरा बाद राज्य मे नव सरकारक गठनक प्रक्रिया शुरू होयत।

---

बिहार मे नव सरकारक गठन कँ लऽकऽ काल्हि नव दिल्ली मे भाजपाक एकटा बैसक बजाओल गेल अछि। बैसक मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी समेत पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित रहताह। एहि बैसक मे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाहक शामिल होयबाक संभावना सेहो अछि।

---

निर्वाचन आयोग बिहार विधान परिषदक भोजपुर—बक्सर स्थानीय निकाय प्राधिकारक रिक्त सीट लेल उपचुनाव कार्यक्रमक घोषणा कऽ देलक अछि। सोलह अप्रैल कँ चुनावक अधिसूचना जारी होयत आ एही दिन सँ नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ जायत। नामांकनक अंतिम तिथि तेईस अप्रैल निर्धारित अछि। नामांकन पत्र सभक जांच चौबीस अप्रैल कँ होयत, जखनकि उम्मीदवार सत्ताईस अप्रैल धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। बारह मई कँ मतदान होयत आ चौदह मई कँ मतक गिनती कयल जायत। ध्यातव्य अछि जे जदयू केर राधा चरण साहक इस्तीफाक कारणेँ एहि सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि। ओ भोजपुर जिलाक संदेश विधानसभा क्षेत्र सँ विधायक निर्वाचित भेल छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे विधायी निकाय सभ मे महिला लोकनिक लेल आरक्षण समयक मांग अछि। ओ कहलनि जे महिला लोकनिक लेल आरक्षण सँ लोकतंत्र आओर बेसी जीवंत आ सहभागी बनत। एकटा वीडियो मे समाचार पत्र सभ मे देल गेल अपन लेख केर उल्लेख करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे महिला लोकनिक आरक्षण सँ जुड़ल महत्वपूर्ण विधेयक पर चर्चा आ ओकरा पारित करयबाक लेल सोलह अप्रैल कँ संसदक सत्र बजाओल गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई जरूरी अछि जे दू हजार उनतीसक लोकसभा चुनाव आ आबयवला समय मे विभिन्न राज्य सभ मे विधानसभा चुनाव महिला लोकनिक लेल आरक्षित सीट सभक प्रावधानक संग आयोजित हुअए।

———————————————————

खेल मंत्री श्रेयसी सिंह कहलनि अछि जे महिला आरक्षण सँ संबंधित नारी शक्ति वंदन विधेयक सँ लोकसभा आ राज्य विधानसभा मे महिला लोकनिक लेल तैंतीस प्रतिशत सीट आरक्षित होयत। एहि सँ महिला लोकनिक नीति निर्माण मे भागीदारी बढ़त आ समावेशी लोकतंत्र सुनिश्चित होयत। ओ एहि विधेयक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कँ धन्यवाद देलनि। एम्हर, समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी सेहो महिला आरक्षण विधेयक कँ बहुत महत्वपूर्ण पहल जनौलनि।

———————————————————

पश्चिम एशिया मे जारी संकटक मध्य केन्द्र सरकार कहलक अछि जे देश मे एलपीजी समेत कोनहुं पेट्रोलियम उत्पादक कोनो कमी नहि अछि। आइ नव दिल्ली मे अंतर–मंत्रालयी संवाददाता सम्मेलन मे पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा कहलनि जे सरकार देश मे घरेलू एलपीजी केर शत प्रतिशत आपूर्ति सुनिश्चित कऽ रहल अछि।

———————————————————

केन्द्रीय महिला आ बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी आइ नव दिल्ली मे पोषण पखवाड़ाक आठम संस्करण केर शुभारंभ कयलनि। एहि वर्ष पोषण पखवाड़ाक विषय अछि– **जीवन के पहले छह वर्ष में मस्तिष्क का अधिकतम विकास।** एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे प्रदेशक सभ आंगनबाड़ी केन्द्र मे पोषण पखवाड़ाक शुरूआत भेल।

———————————————————

खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभाग प्रदेश मे होयबला बियाह समारोह सभक लेल संबंधित परिवार सभकेँ कॉमर्शियल गैस सिलेंडर उपलब्ध कराओत। विभागीय सचिव अभय सिंह जनौलनि जे उपलब्धताक आधार पर सिलेंडर देल जायत। ओ कहलनि जे औद्योगिक क्षेत्र मे श्रमिक सभ केँ प्राथमिकताक आधार पर पांच किलोक सिलेंडर उपलब्ध कराओल जायत। श्री सिंह कहलनि जे एहि लेल मात्र वैध पहचान पत्र देबय पड़त।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ केर प्रभाव कम होयबा सँ राज्य मे बरखाक गतिविधि मे कमी आओल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ राज्यक उत्तर–पूर्वी जिला सभ–अररिया, किशनगंज, पूर्णियां आ कटिहार मे तेज हवाक संग बरखाक संभावना अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक दरमियान अधिकतम तापमान मे चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस धरिक बढ़ोतरिक संभावना अछि। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस केर बढ़ोतरी भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक फारबिसगंज थाना क्षेत्रक कृषि बाजार उत्पादन समिति लऽग ठेला लगयबाक लऽकऽ भेल विवाद मे एकटा रेहड़ीवला पिकअप वैन चालक केर हत्या कऽ देलक। एकरा बाद आक्रोशित लोक सभ रेहड़ीवलाक पीट–पीट कऽ हत्या कऽ देलक। घटना स्थल पर स्थिति तनावपूर्ण, मुदा नियंत्रण मे बनल अछि।

मधुबनी जिलाक पंडौल थाना क्षेत्रक भगवतीपुर ईदगाह लऽग अपराधी सभ एकटा मोटरसाईकिल सवार युवकक गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक।

———————————————————————

समाप्त